№3
2024

OZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI
NOKIS FILIALI

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 3/2024**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV** – Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor, **AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis Senatınıń jaslar, mádeniyat hám sport máseleleri komiteti baslıǵı orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), **BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent, **KOMOLIDDIN URINBAEV** – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, docent, **OMONILLA RIZAEV** – Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyatı institutı, kórkem óner ilimleri kandidatı, professor, **HIKMAT RAJABOV** – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı, professor w.w.a., **ORAZALI TOSHMATOV** - Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyatı institutı, professor, **SAYYORA ǴAFUROVA** – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası, professor, **OYDIN ABDULLAEVA** – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası, professor, **QURBANBAY JARIMBETOV** – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, filologiya ilimleri doktorı, professor, **ALIMA BERDIMURATOVA** – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, filosofiya ilimleri doktorı, professor, **ZIYADA BEKBERGENOVA** – ÓzR IA Qaraqalpaqstan bólimi, filologiya ilimleri doktorı, professor, **KALLIEV ABATBAY** - Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı, Muzıka qánigeligi professorı, **TOLAXOJAEVA MUHABBAT** – Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı, kórken ónertanıw ilimleri doktorı, professor, **OZODA TOSHMATOVA** - Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası, professor, **ARTÍQBAY EREJEPOV** – Nókis qalalıq 1-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebi, pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent, **JAŃABAY MARZIYAEV** – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent, **IRODA MIRTALIPOVA** – ÓzMK janındaǵı B.Zokirov atındaǵı MEKÓI, kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), **PARAXAT MAMUTOV** – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı direktor orınbasarı

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde jılına 2 márte basıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

ISSN-2181-4112

# KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ

**Sadenova G.P.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Annotaciya.** Maqalada epitet haqqında ulıwma túsinikler hám olardıń qollanılıw ózgeshelikleri menen usılları qaraqalpaq xalqınıń belgili jazıwshısı Sh.Seyitovtıń shıǵarmaları mısalında úyrenilgen.

**Gilt sózler.** Kórkem ádebiyat stili, trop, epitet, tekst, kontekst.

**Аннотация.** В статье общие понятия об эпитетах, а также особенности и способы их употребления изучаются на примере прозаических произведений известного каракалпакского писателя Шавдирбая Сеитова.

**Ключевые слова.** Художественный стиль, троп, эпитет, текст, контекст.

**Annotation.** In the article, general concepts about epithets, as well as the features and methods of their use, are studied using on the example of the prose works of the famous Karakalpak writer Shaudirbay Seyitov.

**Key words.** Artistic style, trope, epithet, literary text, contex.

Epitet – tildiń kórkemlep súwretlew quralларınıń biri bolıp, oydı obrazlı hám tásirli jetkeriwge, súwretlenip atırǵan anıqlanıwshı aǵzanıń belgilerin anıq hám tolıq ashıp kórsetiwge xızmet etedi. Epitet eń kemi eki sózdiń dizbeklesiwinen payda boladı, olardıń birinshisi – konnotativli, ekinshisi – denotativli ózara tıǵıs baylanısqan sóz dizbekleri.

Epitettiń kórkem teksttegi xızmeti jónindegi talas-tartıslı pikirler antik dáwirlerden baslap-aq (Aristotel, Kvintilian, Demetriy hám t.b.) miynetlerinde ushırasadı. Bul troptıń tillik tábiyatı haqqında A.N.Veselovskiy, V.M.Jirmunskiy, B.V.Tomashevskiy, A.P.Evgeneva, İ.R.Galperin hám t.b. hár túrli dáwirlerde jazıp qaldırǵan. Birqansha arnawlı izertlewlerge qaramastan, epitet haqqında ulıwma

hám juwmaqlanǵan teoriyalar jaratılmaǵan. Atap aytqanda, V.M.Jirmunskiy epitetti metaforanıń bir túri dep esaplaydı. [1,73]

Epitetke tar mániste berilgen anıqlamalarǵa dıqqat qaratatuǵın bolsaq, epitet ózine tán kórkem ekspressivlikke iye bolǵan, avtordıń súwretlenip atırǵan waqıya-hádiysege múnásibetin, obyekttiń individual ózgesheliklerin janlı sáwlelendiriw ushın qollanılatuǵın anıqlawshı sóz dep esaplanıladı.

"Epitet – kelbetlikliktiń bir túri. Biraq, ol ádettegi kelbetlikten óziniń ekspressivligi, awıspalı mánide keliwi menen ajıralıp turadı. Epitet – poetikalıq anıqlawısh. Epitettiń – anıqlawıshlardan ayırmashılıǵı sonda, ol súwretlenip atırǵan predmettiń eń áhmiyetli táreplerin bórttirip kórsetedi. A'sirese, poeziyada bul qubılıs kóbirek kózge taslanadı. Sebebi, poeziyalıq shıǵarmada prozalıq shıǵarmaǵa qaraǵanda sózdiń estetikalıq hám emocional tásiri kúshlirek bolıwı talap etiledi". [2,36]

Rus til bilimi izertlewshisi K.S.Gorbachevich epitetlerdiń 3 túrin atap kórsetedi: ulıwma tillik epitetler, milliy - poetikalıq epitetler, jeke avtorlıq epitetler. İzertlewshiniń pikirinshe, ulıwma xalıqlıq epitetler kóbinese kelbetlik sózler arqalı bildiriledi, olar tuwra mánide hám awıspalı mánide keledi (tınıq suw – móldir suw, juldızlı aspan – ashıq aspan), milliy-poetikalıq epitetlerge xalıq awızeki dóretpeleri arqalı kirip kelgen epitetler (aq tamaq, qolań shashlı, aylı aqsham), al avtorlıq epitetlerge jeke avtorlıq shıǵarmalarda ushırasatuǵın tákirarlanbaytuǵın, kútilmegen semalardıń qosılıwınan payda bolǵan epitetlerdi kirgizedi.

Til biliminde epitetlerdiń ulıwma tillik hám individual avtorlıq túrleri ajıratıp kórsetilgen. N.Maxmudovtıń kórsetiwinshe: "ápiwayı, ulıwma tillik epitetlerdiń tiykarǵı xarakterli belgileri sıpatında anıqlawshı (epitet) hám anıqlanıwshı (epitetlengen) bólekler ortasındaǵı baylanıstıń turaqlılıǵı, olardı ádebiy tilde kóp qollanıw ham qayta tiklew imkaniyatınıń múmkinligi, al jeke avtorlıq epitetler bolsa tek ǵana bir avtor tilinde qollanılıp, okkazionallıqqa iye boladı, biraq waqıttıń ótiwi menen olar ulıwma xalıqlıq toparǵa ótip ketiwi de múmkin." [3,9]

Epitetlerdiń bunnan basqa da semantikasına, strukturasma qaray kóplegen ilimpazlardıń birneshe klassifikaciyaları bar, biraq olardıń barlıǵına toqtap otırıw múmkinshiligi joq.

Sol ushın da, jazıwshı Sh.Seyitovtıń shıǵarmalarında epitetlik súwretlewlerdiń qollanılıw usılları hám ózgesheliklerine qaray birneshe túrleri keltirilgen.

**1. Tábiyat qubılısların súwretlewde.** Jazıwshınıń tuwılǵan jerge degen súyispenshiligi, patriotlıq sezimleri, jazıwshınıń ana jer, ana topıraqqa degen ilhamı-yoshı ásirese, tábiyat qubılısların súwretlewde ayrıqsha kózge taslanadı. *Jańa ay jadırap kóp turmadı, kók teńizge tastaǵan aybaltaday álleqashan batıp ketken. Girbińsiz kókte úmit ushqınlarınday juldızlar ǵana jıltırasadı. (Qashqın, 4-bet); Oń tamanda siresip qatqan A'miwdiń aydınlı muzı, ústindegi qarı erimegenlikten túslikke tayalǵan mınaw aydıń aq qaǵazday appaq nurlarına da jaltırap atqan joq; Shıǵıs qızıldan ádip tutılǵan hawayı shımıldıqqa megzeydi. (96-bet) Aspanda qalqıǵan qıyıq ay kók teńizdegi kóp palapanlı aq quwday qayqayadı. (113-bet)*

**2. Epitetler personajlardıń portretin jasaw ushın qollanılǵan.** Bunday epitetler bizge kórkem awızeki dóretpelerdiń tilinen baslap málim bolǵan *badam qabaq, piste murın, talma boy, qıyılǵan qas* sıyaqlı epitetler kóbinese, dástanlarda gózzal, sulıw qızlardıń kórkem obrazın jaratıwda sheber paydalanılǵan.

Jazıwshı dóretpelerinde de epitetlerdiń ásirese, hayal-qızlardıń obrazın xarakterlewde sulıwlıqqa baylanıslı birneshe epitetlerdiń túrinen paydalanılǵan. *Aybórek kózleri kesaday, kirpikleri shanshılǵan, qasları, shashları qap-qara, taldırmash deneli aq qız. (Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba, 4-bet) Orıngul badanakóz, baspaq murın, sıynı-salı kelisken aq qatın, tillá tisi de bar, tek ǵana tillá tis emes, arsıldaǵan arıslan dawıslı da eken. (Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba, 106-bet). Ol kúnde usındayman ba, tawdan oyıp alǵanday botakóz nashar edim.. (Xalqabad ekinshi kitabı, 5-bet) Siziki-ǵo, burınnan nashardıń juqa júzli, aq jipektey tawlanǵan qıylı edi. (13 b) G'az moyın, jipek minezli, nasharǵa tán názikliktiń*

*barlıq qásiyetleri tabılatuǵın aq kelinsheginiń, saqal batıp atırǵan appaq buǵaǵınan basın julıp aldı da, tıń tıńladı. (Xalqabad birinshi kitabı, 255-bet)*

Keltirilgen mısallardaǵı *taldırmash deneli, badanakóz, bota kóz kirpikleri shanshılǵan* epiteteleri dástúriy epitetlerdiń qatarına jatadı hám hayal-qızlardıń obrazın jaratıwda sheber qollanıladı.

Jazıwshı óziniń shıǵarmalarında qaharmanlardıń portretin jasaw ushın birneshe epitetlerdi qatara qollanıp, personajdıń obrazın hár tárepleme ashıp kórsetedi. *Eki qolın joqarı kóteriwi menen qırıqlarǵa barǵan, kóylekesheń, dambalshań, dambalınıń balaǵı túrilgen qus tumsıqlı, shashı tıqırlanıp alınǵan, jalań bas, sarı sınlı bir jigit, onıń izinen baspaq murınlı, alaq kóz, orta boylı, qarapáreń jigit, bul da qolın kótergen, úshinshi bolıp beti suńǵaq, kózleri kúshiktiń kózindey kishkene, tobı da kishi, arıqturaqtan kelgen birew, bul da qolın kótergen, tórtinshisi túrik erinli, alaq kóz, duǵıjım, tapaltas, basına bir tartar oramaldı tartıp alǵan, ústiniń bári jońıshqa tuxımınıń qoǵı, bul da qolın kótergen. Besinshisi, qádimgi taǵa murtlı, úki kózli muzday qarıw qursaǵan Orazımbet loqetek, bul naganın jalańashlap gezengen, áne usılar esikten kirdi. (Xalqabad úshishi kitabı, 192-bet)* Qaharmanlardı usılay táriyplew, olardıń portretin epitetler menen sızıp kórsetiw tek jazıwshıǵa tán poetikalıq individual qásiyet bolıp esaplanadı.

a) adamnıń júz pishimine baylanıslı qollanılǵan epitetler: *Altın otızlardan jańa asıp baratırǵan uzın boylı, arshın tós, omırawın aq quwday qaqaytıp júretuǵın, ǵaybarlıǵın, qarıwlılıǵın* ***múláyim kózler*** *biykarlap turatuǵın súykimli ǵana hayal edi. (Xalqabad ekinshi kitabı, 208-bet); Aybórek kózleri kesaday, kirpikleri shanshılǵan, qasları, shashları qap-qara, taldırmash deneli aq qız. (Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba, 4-bet); Qızıl ala gúlli óreypek Aqjarqınnıń jup-juqa aq jarqın qırmızı júzin burıngıdan da uwıljıtıp jiberdi. (O'rdek qırǵınnan soń, 305-bet)*

b) sulıwlıqqa baylanıslı qollanılǵan epitetler: *Kiyiniwden, pardozlanıwdan, jilwa-nazdan birin-biri qalıspaytuǵın, júzimniń suwınday shireli, juqa kapronday úlbiresken appaq al kelinshekler tap usı saparı mázi qızǵanısıptı. (Jaman*

*shıǵanaqtaǵı Aqtuba, 6-bet); Liykin, meniń suńqarım, qoldan ushqan aq kepterim – aydan arıw Zubayda janımnıń meńzesin taba almadım. (Xalkabad,1,12 b.)*

**3. Epitetler personajlardıń xarakterin jasaw ushın qollanılǵan.**

a)adamnıń unamlı qásiyetlerine baylanıslı: *Paraxat aǵa sırttan shırrıq kóringeni menen, ishi jupını, dálbirek adam-aw ózi! (Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba, 130-bet)*

b)adamnıń unamsız qásiyetlerine baylanıslı. *Sıdıqtıń sumlıqqa júyrik gellesi máseleniń eki jaǵın da oylap úlgergen edi. (Qashqın, 8-bet); Jeńillew ekenseń, qaraǵım, qızımız seni eteginiń epkini menen úyirip ketedi. (Shar buzıw, 188)*

**4. Zattıń túr-túsin, belgisin, sırtqı kórinislerin, kelbetin bildiriw ushın qollanılǵan.** *Ortaǵa **alabúyrek chaynekler** menen xannıń kánizindey jılwalı bir kelinshek chay keltirip, bılay qoydı. (Mashaqatlı asırımlar, 8-bet); Paydası bolmadı, kelinimiz toǵaydıń **iyt ulıtqan** shıbınına shıdamay ketip qaldı. (Iǵbal soqapaqları, 19)*

Juwmaqlap aytqanda, jazıwshı shıǵarmalarında qollanılǵan epitetler óziniń individuallıǵı, qaytalanbas originallıǵı, xalıq oylaw sanasına jaqınlıǵı menen basqa dóretiwshiler qollanǵan epitetlik súwretlewlerden ajıralıp turadı.

## Ádebiyatlar:


1. Ўзбек тили стилистикаси. Тошкент, 1988. –Б.288.
2. Шомақсудов А., Расулов И., Қўнғуров Р., Рустамов Ҳ. Ўзбек тили стилистикаси. – Тошкент: Ўқитувчи, 1983. – Б. 239.2.
3. Маҳмудов Н., Худайберганова Д. Ўзбек тили ўхшатишларининг изоҳли луғати. –Тошкент: Маънавият, 2013.
4. Йўлдошев М. Бадиий матн ва унинг лингвопоэтик таҳлили асослари. -Тошкент:2007,68-бет.
5. Сейтов Ш. Шырашылар. – Нукус: Қарақалпақстан, 1986.
6. Сейтов Ш. Халқабад. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
7. Сейтов Ш. Жаман шығанақтағы Ақтуба. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
8. Сейтов Ш. Қашқын. –Нөкис: Жети ықлым, 2021.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Allanbaev R.O.** QOSÍQSHÍLÍQTÍŃ BÚGINGI KÚNDEGI ÁHMIYETI……………………………………………………………. | 3 |
| 2 | **Kulchigayeva M.** QORAQALPOQ XALQ QO‘SHIQLARINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI HAQIDA ……………................... | 10 |
| 3 | **Charshemov J., Muratbaeva R.** JAŃA RUXTAǴÍ XALÍQ QOSÍQLARÍ…………………………………………………………. | 16 |
| 4 | **Charshemov J.** XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI | 22 |
| 5 | **Abatbaeva R.** QORAQALPOQ MUSIQA SAN'ATIDA SYUITA JANRINING RIVOJI………………………………………………… | 28 |
| 6 | **Rasbergenova X.S.** MUSIQANING INSON SALOMATLIGIDAGI O‘RNI VA AHAMIYATI……………………………………………. | 38 |
| 7 | **Abdisultanov J.** QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDAǴÍ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLER (QARAQALPAQ MUZÍKALÍ DRAMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ)………………………….. | 43 |
| 8 | **Charshemov J., Orazalieva G.** BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ........................................................................... | 49 |
| 9 | **Zuxurov M.** VIOLONCHEL SAZ ASBABINIŃ KELIP SHIǴIWI, ORKESTR HÁM KAMER ANSAMBLLERINDE TUTQAN ORNI….. | 54 |
| 10 | **Uzoqov D.S.** UYG‘UR MUSIQALI TEATRINING MARKAZIY OSIYODA PAYDO BO‘LISHI……………………………………… | 59 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 11 | **Mamutov P.A.** KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA...…………………………….. | 65 |
| 12 | **Abdikarimova I.** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ……………………………… | 71 |
| 13 | **Sobirjonov A.** O‘ZBEK OPERA XONANDALIGIGA VA MILLIY QO‘SHIQCHILIGIGA ERGASH YO‘LDOSHEVNING QO‘SHGAN HISSASI.....................................………………………… | 76 |
| 14 | **Saidxonov A.S.** XX ASR YANGI VENA MAKTABI IJODKORLARI TARIXNING YANGICHA KO‘RINISHI………………………… | 80 |
| 15 | **Dauletbaev T.Q.** QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN’ATINING RIVOJIDA G‘AYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI…. | 90 |
| 16 | **Matimuratov S.** QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ… | 95 |
| 17 | **Ońgarbaeva L.** CHANG SAZ ÁSBABÍNÍŃ TARIYXÍ HÁM USTAZ ATQARÍWSHÍLARÍ……………………………………...……. | 100 |
| 18 | **Sharipov A.Sh.** XONANDALIKDA IJROCHILIK TAMOYIL VA ME‘ZONLARI……………………………………………………. | 106 |

**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Rajabov X.J.** QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA...………. | 110 |
| 20 | **Abatbaeva U.A.** ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI………………………………………………………… | 118 |
| 21 | **Jumaniyazov O‘.** O‘QUVCHILARGA XALQ CHOLG‘ULARINI O‘RGATISHDA SHARQ ALLOMALARI MUSIQIY RISOLALARINING AHAMIYATI……….......................................... | 125 |
| 22 | **Любимцева В.С.** ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ – ВАЖНОЕ УСЛОВИЕ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО МАСТЕРСТВА ПРЕПОДАВАТЕЛЯ……………………………….... | 131 |
| 23 | **Matjanova M.** OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIK TÁRBIYALAWDA ÁMELIY QOLLANIW METODLARÍ, FORMA HÁM QURALLARI... | 136 |
| 24 | **Jumabaev A.** NOTA OQIW TÁJIRIYBESINDE ATQARIWSHILIQ KÓNLIKPELERIN ÓZLESTIRIW HÁM QÁLIPLESTIRIW……….. | 143 |
| 25 | **Раджабова Н.** АКТИВИЗАЦИЯ ТВОРЧЕСКИХ НАВЫКОВ С ИСПОЛЬЗОВАНИЕМ ИНТОНАЦИОННЫХ ОСОБЕННОСТЕЙ МЕЛОДИИ В МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ СОЛЬФЕДЖИО…. | 149 |
| 26 | **Mutalov D.A**. YOSHLARNING MA’NAVIY SHAKLLANISHIDA MUSIQANING O‘RNI……………………………………………… | 154 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 27 | **Palımbetov K.S.** QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI……………………………………..……… | 160 |
| 28 | **Bekbergenova Z.** 1990-2000-JÍLLARDAǴÍ QARAQALPA AMATURGIYASÍ HAQQÍNDA | 168 |
| 29 | **Marziyayev J.K.** EKOLOGIK MADANIYAT VA UNI SHAKLLANTIRISH: EKOLOGIK MUAMMONI OLDINI OLISHNING BIR USULI SIFATIDA…………………………. | 176 |
| 30 | **Sadenova G.P.** KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ……………. | 181 |